



Pou Piblikasyon Imedya: 7/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OGMANTASYON SALÈ POU ANPLWAYE
GOUVÈNMAN ETA NOUYÒK POU REKRITE AK KENBE TALAN YO**

***Ogmantasyon yo pral afekte plis pase 2,100 anplwaye aktyèl Eta nan estaj
pwofesyonèl nan 46 ajans Eta***

Yon pati nan angajman global Gouvènè a pou sipòte mendèv piblik ak aksesibilite

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon seri ogmantasyon salè pou anviwon 2,100 anplwaye Eta Nouyòk k ap travay nan estaj pwofesyonèl yo atravè 46 ajans eta pou atire epi kenbe talan yo. Anplwaye ki nan pòs sa yo ap resevwa swa yon ogmantasyon 5.7 pousan nan salè oswa yon ogmantasyon 11.6 pousan nan salè, selon tit yo. Ogmantasyon yo reflekte angajman Gouvènè Hochul an favè aksesibilite pou anplwaye ak fanmi Nouyòk yo, pandan y ap asire Empire State la bay pi bon sèvis ak pwoteksyon pou tout Nouyòkè yo pou jenerasyon k ap vini yo.

"Chak Nouyòkè merite yon gouvènman eta ki solid, estab ak ekitab. Nou konte sou travayè eta nou yo pou bay sèvis esansyèl ke nou konte sou yo chak jou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ogmantasyon salè sa yo pral pèmèt nou kenbe ak atire anplwaye ajans eta ak gouvènman, pou nou kapab kontinye misyon nou pou pote pi bon kalite sipò Nouyòkè yo atann ak merite, kounye a epi alavni."

Ogmantasyon yo, ki anvigè jodi a, pral ogmante salè pou sa yo ki nan estajye nivo 1 soti nan Klas 13 (49,363 dola chak ane) rive nan Klas 14 (52,198 dola). Salè yo pral ogmante tou pou sa yo ki nan estajye nivo 2, soti nan Klas 14 (52,198 dola chak ane) rive nan Klas 16 (58,247 dola).

Plizyè ajans eta yo itilize estaj yo pou pòs pwofesyonèl premye nivo pou bay fòmasyon ak eksperyans pratik pandan ke moun yo jwenn konpetans debaz ki nesèsè yo. Estaj pwofesyonèl yo anjeneral dire de ane epi estajye yo resevwa ogmantasyon salè ki baze sou pèfòmans ak atent etap enpòtan yo.

Pifò estaj pwofesyonèl de ane mande pou yon diplòm inivèsité oswa eksperyans travay ekivalan. Lè yon estaj de ane konplete avèk siksè, yo pwomouvwa anplwaye yo pou pòs debitan avèk yon salè ki ant 65,000 dola a 83,000 dola chak ane.

Federasyon Anplwaye Piblik (Public Employees Federation, PEF) la reprezante pifò nan pòs estajyè yo nan Inite Pwofesyonèl Teknik ak Syantifik la.

Ogmantasyon salè a prevwa gen pi gwo enpak nan ajans sa yo, ki kounye a gen pi gwo kantite pòs ki kalifye: Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC), Depatman Sante (Department of Health), Fon Asirans Eta a (State Insurance Fund, SIF), Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT), Biwo pou Moun ki Gen Andikap mantal (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD) Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH), Depatman fonksyon piblik (Department of Civil Service, DCS), Biwo Enspektè Jeneral Medicaid (Office of Medicaid Inspector General, OMIG), Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) ak Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS).

Plis pase 280 tit estajyè pral afekte, tankou tit espesyalite epi ki gen rapò ak lang. Tit travay ki itilize pakou estaj yo enkli Espesyalis Resous Imèn, Espesyalis Administratif, Espesyalis Jesyon Kontra, Administratè Pwogram Sante ak Analis Sistèm Biznis.

Ogmantasyon salè yo se jis youn nan anpil inisyativ Gouvènè Hochul te defann depi li te antre an fonksyon pou ranfòse ak sipòte mendèv piblik Nouyòk la.

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè a pral mande Depatman Fonksyon Piblik la pou lanse yon pwogram elaji ki rele Nouyòk Anboche pou yon Plasman Limite an ljan nan tout Eta (New York Hiring for Emergency Limited Placement Statewide, NY HELPS) pou ede ajans lokal yo ak eta pi byen ranpli pòs disponib vid ki louvri pou piblik la. Pwogram NY HELPS la anile tanporèman egzamen fonksyon piblik la pou plizyè milye pòs disponib nan eta ki vid ki louvri pou piblik jeneral la. Pou rès pòs sa yo ki egzije egzamen, yo anile tout frè aplikasyon pou egzamen eta yo jiska desanm 2025 apre yon akò Gouvènè Hochul te jwenn nan bidjè ane fiskal 2024 la.

Apati 30 septanm, ajans eta yo te pran plis pase 18,500 randevou atravè pwogram NY HELPS.

Epitou, Depatman Fonksyon Piblik la te asosye ak Depatman Travay Eta Nouyòk pou kreye Sant pou Karyè nan Gouvènman nan Sant Karyè espesifik Depatman Travay. Nan sant ajans konjwen sa yo, ki sitiye nan tout Empire State la, anplwaye pwofesyonèl tou de ajans yo kolabore pou bay sipò konplè pou ede moun k ap chèche travay yo, pou ede yo familiarize ak sistèm merit ak klasifikasyon travay fonksyon piblik eta, ansanm ak Pwogram NY HELPS, k ap fasilite pakou pou sa yo ki enterese nan yon karyè gratifyan nan sèvis piblik pandan y ap devlope ak ranfòse ekonomi Empire State la.

Pou pwomouvwa plizyè milye travay ki disponib ak opòtinite karyè ki disponib pou tout moun, Depatman Fonksyon Piblik la te deplwaye tou yon kanpay maketing ak sansibilizasyon piblik ki gen plizyè aspè ane sa a. Yo te prezante kanpay la atravè kanal dijital ak kanal ekstèn yo an angle ak espanyòl epi li mete aksan sou valè fonksyon piblik la ak avantaj epi plizyè opòtinite gouvènman eta a ofri.

Gouvènè Hochul te pran lòt mezi tou pou sipòte ak ranfòse mendèv Eta a, tankou rezoud pwoblèm anbochaj nan Eta a ki dire depi plizyè ane, elaji opòtinite yo atravè Pwogram Gouvènè a pou Anboche Moun ak Veteran Andikape (55/b/c), epi bay finansman pou nouvo sant egzamen yo atravè Eta a.

Komisè Depatman Fonksyon Piblik Eta Nouyòk la ak Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik la, Timothy R. Hogues, te deklare, "Eta Nouyòk ap chèche pi bon ak pi briyan yo pou kòmanse yon karyè gratifyan nan sèvis piblik la. Pou pi byen reponn ak atant moun k ap chèche travay yo epi ede ajans Eta yo nan yon mache travay ki pi konpetitif, Eta Nouyòk ap ogmante salè estajyè yo pou atire epi kenbe plis kandida pou ede ajans leta yo reponn a bezwen rekritman yo epi bay piblik la sèvis itil ak nesèsè."

Prezidan Federasyon Anplwaye Piblik Eta Nouyòk, Wayne Spence, te deklare, "Nou felisite Gouvènè a paske li kontinye envesti nan mendèv Eta a epi li rekonèt valè salè konpetitif kòm yon zouti pou rekritman ak retansyon. Ogmantasyon salè sa yo se yon bon premye etap nan direksyon pou mete salè Eta a an amoni ak sektè prive a epi kenbe ak rekrute anplwaye piblik ki gen anpil konpetans. Li enpòtan pou nou adrese mank anplwaye kwonik, epi nou espere kontinye revizyon konpansasyon pou anplwaye Eta yo kòm yon zouti pou ranfòse ran nou yo ak ranfòse mendèv nou yo."

Senatè Eta Robert Jackson te deklare, "Nouyòk pwospere gras a angajman ak ekspètiz fonksyonè piblik li yo. Lè nou ogmante salè pou estaj pwofesyonèl yo, nou pa jis ouvri pòt pou karyè ki pi anrichisan — nou envesti nan moun ki asire bon fonksyonman eta nou an. Inisyativ sa a se yon deklarasyon klè sou angajman Nouyòk pou karyè konpetitif ak epanouyi nan sektè piblik, pou atire yon nouvo vag lidè devwe ki prè pou sèvi eta nou an."

Pou aprann plis sou travay pou Eta Nouyòk ak fason pou w franchi pwochen etap la nan pouswiv yon karyè gratifyan nan fonksyon piblik, tanpri vizite sit entènèt Depatman Fonksyon Piblik la epi swiv Depatman an sou [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)